

No. 166

DEKRÈ EGZEKITIF

REDOUBLE BATAY NEW YORK KONT MENAS EKONOMIK AK ANVIWÒNMANTAL YO KI POZE PA CHANJMAN KLIMATIK YO AK AFIMASYON OBJEKTIF AKÒ SOU KLIMA PARIS AN

KONSIDERAN, retrè gouvènman federal la nan Konvansyon Rezo Nasyon Ini yo sou Akò Paris sou Chanjman Klimatik yo (Akò Paris), ki te adopte nan dat 12 Desanm 2015, reprezante yon renonsyasyon a lidèchip sou chanjman klimatik ki menase sante ekonomik ak anviwònmantal tout Nouyòkè; epi

KONSIDERAN, Nouyòkè yo te temwen ak de je yo efè andomajman chanjman klimatik yo, ki enkli evènman tanpèt grav yo, nivo lanmè ki ap monte, sechrès, ak entèripsyon elektrisite ki lakòz alafwa domaj ekonomik ak anviwònmantal; epi

KONSIDERAN, Mwen, Andrew M. Cuomo te anvan sa fè sòti yon dekrè egzekitif ki mande pou rediksyon emisyon gaz a efè sèr yo totalize katreven pousan apati 2050; epi

KONSIDERAN, an rekonesans a defi yo ki poze pa chanjman klimatik yo ak opòtinite ekonomik yo ki te kreye pa ekonomi enèji pwòp lan, New York te adopte yon Plan Enèji Eta a ki etabli objektif enèji pwòp ak klimatik yo ki ap mennen nan nasyon an, ki enkli yon karant pousan rediksyon nan emisyon gaz a efè sèr yo soti nan nivo 1990 yo apati 2030, yon angajman pou pwize senkant pousan elektrisite New York soti nan enèji renouvlab yo apati 2030, ak yon ogmantasyon venntwa pousan nan efikasite enèjetik apati 2030; epi

KONSIDERAN, New York te deja angaje nan investisman ak inisyativ agresif yo pou fè objektif Plan Enèji Eta a vin tounen reyalite atravè pwogram Estanda Enèji Pwòp li an (Clean Energy Standard), Fon Enèji Pwòp (Clean Energy Fund) 5 Milya Dola a, pwogram solè NY-Sun 1 Milya Dola, pi gwo Green Bank nan nasyon an, ak refòm san presedan yo pou fè rezo elektrik lan vin pi rezistan, fyab, ak abòdab; epi

KONSIDERAN, Eta New York angaje nan aktivite rediksyon gaz a efè sèr yo atravè ekonomi eta a, ki enkli atravè piblikasyon Plan Rediksyon Metàn lan ak patisipasyon nan kolaborasyon rejyonal yo ki ap chèche rediksyon emisyon gaz a efè sèr yo ki enkli Inisyativ Gaz A Efè Sèr Rejyonal lan (Regional Greenhouse Gas Initiative, RGGI) ak Inisyativ Klima ak Transpò an (Transportation and Climate Initiative, TCI); epi

KONSIDERAN, Aksyon ak objektif Plan Enèji Eta New York yo menm pi agresif ak anbisye ke akò ki te egzekite pa Etazini ki ap aplike kondisyon Akò Paris an, epi asire ke New York pral yon lidè nan akonpli objektif yo pou nasyon nou an ki te entegre nan Akò Paris an; epi

KONSIDERAN, an plis de efò nou yo ki ap mennen nan redwi emisyon gaz a efè sèr yo epi fè vanse ekonomi enèji pwòp lan, eta a te priorize envestisman yo ki ap ede kominote yo adapte a chanjman klimatik yo nan fè pwogram yo vanse, tankou pwogram New York Entèlijan pou Klima a (Climate Smart New York), pou amelyore rezistans, pwoteje abita ki enpòtan ak enfrastruktir natirèl yo, epi planifye pou avni ensèten nou an; epi

KONSIDERAN, efò sa yo te enkli itilizasyon sous natirèl yo tankou resif zwit yo ak litoral vivan yo pou pwoteje plizyè kilomèt liy kotyè New York, envesti plizyè milyon dola atravè Fon Pwoteksyon Anviwònman la (Environmental Protection Fund), adopte Lwa Rezistans ak Risk Klimatik lan (Climate Risk and Resiliency Act) pou kapab asire ke finansman ak pèmi yo pran an kont ogmantasyon tanpèt yo ak monte nivo lanmè a, epi pibliye yon Plan Aksyon Oseyan an 2016, ki rekonèt enpak dezavantaje yo ke chanjman klimatik yo genyen sou resous maritim kritik nou yo ki enkli endistri kokiyaj miltimilyon dola nou an; epi

KONSIDERAN, malgre retrè gouvènman federal Etazini an nan Akò Paris an, li esansyèl pou eta yo tankou New York, nan travay ansanm ak tout òganizasyon, biznis ak sitwayen yo, kontinye akonpli, respekte, e menm depase objektif Akò Paris an yo; epi

KOUNYE A, AN KONSEKANS, Mwen, Andrew M. Cuomo, Gouvènè Eta New York lan, konfòmman ak otorite Konstitisyon an ak Lwa Eta New York yo te konfye mwen, avèk dokiman sa a mwen bay lòd jan yo pral site la:

I. DEFINISYON

Pou objektif Dekrè Egzekitif sa a, tèm ki anba la yo defini konsa:

- A. “Antite Eta a Ki Afekte” vle di (i) tout ajans ak depatman kote Gouvènè a gen Otorite Egzekitif, epi (ii) tout sosyete ki bay avantaj piblik, otorite piblik ak komisyon kote Gouvènè a deziyen Prezidan, Chèf Egzekitif, oswa pifò Manm Komisyon, sof pou Port Authority New York ak New Jersey (Port Authority of New York and New Jersey).

II. POLITIK EMISYON GAZ A EFÈ SÈR YO

Se politik Eta New York pou redwi emisyon gaz a efè sèr yo de karant pousan apati 2030, epi katreven pousan apati 2050 soti nan nivo 1990 yo, atravè tout aktivite ki ap emèt gaz yo nan ekonomi an. An konsekans, tout aksyon tout Antite Eta a Ki Afekte yo (Affected State Entities) ta dwe konsistan yon fason rezonab ak politik sa yo ki mansyone la yo, ak sila yo ki te eksprime nan Plan Enèji Eta 2015 lan, pou ka akonpli objektif sa yo.

III. AKSYON POU KA ATENN OBJEKTIF POLITIK YO

Nan objektif pou ka akonpli objektif sa yo, chak Antite Eta a Ki Afekte yo ta dwe adopte apati 31 Mas 2018 yon plan ki demontre aktivite ak pwogram yo ki pral kontribiye nan akonplisman objektif politik enpòtan sa yo pa Eta New York.

Depatman Pwoteksyon Anviwònmantal la (Department of Environmental Conservation, DEC) ansanm ak Otorite Devlopman ak Rechèch Enèji nan Eta New York lan (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) yo gen òdonans prezantman pou devlope yon apwòch pou kontabilite ak mezi rediksyon emisyon gaz yo ki ta dwe adopte pa Antite Eta a Ki Afekte yo.

DEC ansanm ak NYSERDA yo tou gen òdonans prezantman pou mete pèsònèl disponib pou bay Antite Eta a Ki Afekte yo nenpòt asistans teknik ki ka nesesè pou asire ke plan ki te adopte pa antite sa yo efikas epi ka reyalize.

Antite Eta a Ki Afekte yo gen òdonans prezantman pou reyalize yon pòtfèy mezi ki ka enkli men pa ta dwe limite a amelyorasyon operasyonèl gratis ak sa ki pa chè yo, retwo komisyon, adaptasyon efikasite enèjetik kapital yo, ak pwojè kouran ak rechofaj renouvlab ak gwo efikasite ki konbine sou plas yo.

F È T anba siyati mwen ak So Prive Eta a nan

Vil Albany, premye jou mwa Jen

nan lane de mil disèt.

SOU LÒD GOUVÈNÈ A

Sekretè Gouvènè a